

# Kubitsa amahera

## Uburyo bwo gukoresha amahera neza

Amabanki ni ahantu ubitsa amahera yawe atankomanzi

### Ikonte ya banki ni iki?

Ikonte ya banki ni harya bakubikira amahera yawe kuri banki. Iba yanditswe mu izina ryawe. Iyo ushize amahera muri konte yawe, bavyita kubitsa, iyo ukuye amahera muri konte yawe bavyita kubikuzza.

### Ikonte y'ibanki ikora gute?

Ibanki yawe irandika amahera yose ubikuje canke ubikije. Igitigiri c'amahera ufise ni aya mahera bosanga muri konte yawe kuri uyo mwanya. Iyo wugurujye iyo konte yawe, kuri banki baguha ikarata yo kuyakurirako, hamwe n'inomero zibanga ryawe.

### Ikadi yo gukurirako amahera ni iki?

Ni ikarata ya parasitike ikoreshwa mu gukuramwo amahera muri konte yawe, canke mu kuriha ibintu wakorewe canke waguze. Ni ikarata ifatiye ku mahera ufise muri banki kandi ikoresha amahera yawe gusa.

### Inomero y'ibanga ni iki?

Iba igizwe n' ibiharuro bine, wisangije wenyene, ukoresha kugira ngo ushike kuri konte yawe.

### Ushika ku mahera yawe gute?

Ukenera ya karata yawe ya parasitike, na ya nomero y'ibanga, kugira ngo ukureyo amahera muri konte yawe.

**Imashini zitanga amahera ku mabarabara, zitwa ATM.** Iyo mashini ituma uronka amahera yawe utarinze kuja muri banki.

**EFTPOS,** canke kuriha amahera ukoresheje ikarata yawe ni uburyo bugufasha kugura ikintu canke kwishura utarinze gukora amahera mu ntoke.

### Ibuka

- ▶ Kubitsa ni igihe amahera yawe aba abitswe muri banki canke ya mashirahamwe atanga ingurane.
- ▶ Inomero y'ibanga ni inomero wisangije kandi ukoresha kugira ngo ushike ku mafaranga yawe.
- ▶ Kirazira kubwira umuntu n'umwe irya nomero yawe y'ibanga
- ▶ Ntukabike irya nomero yawe hamwe n'ikarata ya banki.

Ushaka kumenya vyinshi ku bijanye na konte yawe, amahera baguca, urashobora guterefona ibanki yawe, canke ukabirabira kuri interineti y'ibanki yawe



### Liza yasanze bamuciye amahera muri banki

Ku muni wa mbere Liza akeneye itike y'itereni kugira ngo aje kw'ishure ryiwe ry'icongereza. Akura amatorari 20 mu mashini y'amahera yegukira ibanki ya commonwealth ari nayo Liza asanzwe abitsamwo. Kuwa kabiri aca akenera amahera yo kugura igitabo c'ivyo yiga, akuramwo amatorari 20 muri ya mashini itanga amahera mugabo yegukira ibanki ya WESTPAC, yari hanze y'iryo duka ry'ibitabo. Kuwa gatatu, aja kuraba ifilime akura amatorari 30 mu mashini itanga amahera yegukira ibanki ya ANZ, yari aho barabira amafirime.

Liza arazi ko amahera yiwe ava muri Centrelink yinjira muri konte yiwe kuwa kane. Yagiye kuri ya mashini itanga amahera yegukira ibanki ya commonwealth Iri hafi yaho aba kugira ngo arabe ko amahera yari yinjijye muri konte yiwe. Liza yaratangaye asanze muri konte yiwe harimwo amahera make ugereranije nayo yari yiteze gusangamwo. Ahagaritse umutima kuko akeneye ayo mahera kugira ngo yishure inzu yongere agure n'imfungurwa.

Liza ntategera igituma afise amahera make muri konte, yibaza ko ziryamba mashini zoba zihenze. Yaciye agenda muri banki kubaza, ahasanga umuntu yitwa Sandeep.

Sandeep amusigurira ko amahera afise muri konte yiwe ariyo asigaranye. Arasigurira Liza ko afise amahera make kuko ibanki yamuciye amahera yo kuba yakoresheje imashini itanga amahera itari iyo muri banki asanzwe abitsamwo. Sandeep asigurira Liza ko igihe cose atoye amahera avuye mu mashini itari iy'ibanki yiwe, canke agakura mu mashini amahera incuro nyinshi cane mu ndwi, bituma ibanki ica imukurako amahera.

Sandeep ahanura Liza ko yoza aragira ibiharuro vy'amahera akeneye gukoresha mu ndwi yose akayakuriramwo rimwe, kugira ngo yirinde amahera bomuca kubera ugukura amahera incuro nyinshi, muri irya mashini itanga amahera.

This page has been intentionally left blank.